

Bilten pou Pwopriyetè Kay – Desanm 2021

Chè pwopriyetè Kay,

Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman (Housing Preservation and Development, HPD) bay yon mizajou tanzantan sou nouvo lejislasyon ak enfòmasyon sou materyèl ak resous ki disponib pou pwopriyetè bilding nan zòn rezidansyèl yo pou ede yo respekte Kòd Antretyen Lojman (Housing Maintenance Code) Vil New York, Lwa sou Lojman Miltip (Multiple Dwelling Law) Eta New York lan ak lòt kòd minisipal ki enpòtan. Ale sou [sit entènèt HPD a](#) pou w li bilten sa a (ak ansyen bilten nou yo) nan lòt lang.

Piblikasyon sa a la pou bay enfòmasyon sèlman epi li pa la kòm konsèy jiridik. Enfòmasyon sa yo, se pa yon deskripsyon konplè ni final sou tout responsabiltè pwopriyetè kay ak lokatè dapre lalwa ak règ ki konsène lojman nan Vil New York.

DEPO ANYÈL 2021 YO:

Dat limit 31 desanm 2021: Depoze Dosye sou Pinèz: Pwopriyetè plizyè lojman oblije depoze [Rapò Anyèl Sou Pinèz](#) devan HPD. Peryòd depo a kòmanse 1ye desanm epi li fini 31 desanm. W ap jwenn plis enfòmasyon sou depo Pinèz la ki disponib nan [bilten](#) oktòb 2021 an oswa ale sou [sit entènèt HPD a](#).

Dat limit 31 out 2021: Anrejistreman Pwopriyete: Dat limit enskripsyon anyèl la fini men ou ka toujou kòmanse pwosesis enskripsyon an nan [Sistèm Anrejistreman Pwopriyete sou Entènèt \(Property Registration Online System, PROS\) HPD a](#). Si w pa t resevwa konfimasyon Anrejistreman Anyèl Pwopriyete pou ane 2021-2022 ou a, ou ka verifye [HPDONLINE](#) oswa kont [PROS](#) ou a pou verifye si ou anrejistre yon fason ki valab. Pou kesyon yo, ale sou [paj entènèt HPD a](#) oswa kontakte Inite Asistans Anrejistreman an nan imèl (Register@hpd.nyc.gov) oswa rele nan telefòn **(212-863-7000)**. *Tanpri sonje biwo nou yo pa louvri aktyèlman pou estaf nou asiste moun ki vin anrejistre san randevou akòz COVID-19 la.*

Nouvo!

Pran yon Randevou sou Entènèt

Kounya ou kapab pran yon randevou sou entènèt pou pale avèk yon reprezantan Inite Anrejistreman pou pale sou pwoblèm pou w anrejistre pwopriyete ou a! Randevou yo disponib nan videyokonferans oswa nan telefòn.

Ou kapab jwenn sèvis yo sou randevou

1. Èd pou w ranpli fòm renouvèlman pou enskripsyon an
2. Èd pou moun k ap enskri pou pwemye fwa
3. Pwopriyete yo te vann yon nouvo pwopriyetè
4. Repons ak Avi anrejistreman HPD te resevwa a

AVI ANYÈL 2022: Ou dwe remèt Avi anyèl sa yo pandan mwa janvye 2022.

- **Soti 1ye Janvye pou rive 16 janvye Avi Anyèl sou Plon oswa Pwoteksyon Fenèt:** Avi Anyèl sou Pwoteksyon Fenèt se yon obligasyon nan tout bilding yo lwe ki gen 3 oswa plis inite kèlkeswa ane yo te konstrui bilding la. Avi Anyèl sou Penti abaz plon se yon obligasyon nan tout bilding yo lwe, menm sa ki gen 1 jiska 2 inite, si yo te konstrui bilding la anvan 1960 oswa si yo te konstrui l ant 1960 jiska 1978 epi pwopriyetè a konnen li gen penti abaz plon. Selon ki batiman ou genyen, ou ka reponn ak egzijans avèk avi sa yo.
 - [Avi Anyèl konbine sou Plon oswa Pwoteksyon Fenèt](#) ann Anglè ak [Panyòl](#)
 - [Avi Anyèl apa sou Plon oswa Pwoteksyon Fenèt](#) ann Anglè ak [Panyòl](#)
 - [Avi Anyèl apa sou Plon](#) ann Anglè ak [Panyòl](#)Lokatè yo gen obligasyon pou yo voye avi sa yo pou ou anvan 15 fevriye jan yo di l nan avi sa yo. Nou vrèman rekòmande w itilize [ECHANTIYON Livrezon Avi Anyèl pou Prevansyon Danje Penti abaz Plon - Ankèt Konsènan Timoun - Fòm Rezime](#) nou an oswa yon dokiman ki menm jan pou suiv distribisyon avi anyèl penti abaz plon, nan ka HPD fè odit sou dosye penti abaz plon pwopriyete w la.
- **Avi sou Kouvèti pou Bouton Fou:** Malgre yo pa fè w obligasyon pou w bay avi sa a nan mwa janvye, HPD vrèman rekòmande pou ou bay [Avi anyèl ki Gen Rapò ak Enstalasyon Kouvèti Bouton Fou](#) a bay lokatè ki gen avi yo egzijan anwo yo. Pa bliye kenbe dosye distribisyon avi a ak disponiblite kouvèti yo.

ENSPEKSYON ANYÈL 2022:

- **Soti nan dat 16 fevriye pou rive 1ye mas** Si lokatè w yo pa pote tounen Avi Anyèl sou Plon ak Pwoteksyon Fenèt (Ki dekri anwo a) anvan 15 fevriye, ou oblije fè yon enspeksyon pou detèmine si yon timoun ki poko gen sis (6) lane abite nan kay lan. (Sonje: “Abite” pou penti abaz plon vle di timoun nan pase omwen 10 èdtan chak semèn nan kay lan.) Si w pa kapab jwenn aksè nan lojman lokatè a pou detèmine si gen yon timoun ki gen mwens pase sis (6) lane ki abite nan kay lan, pwopriyetè a dwe voye yon avi bay Depatman Sante ak Ijyèn Mantal pou di sa.
- Pou tout apatman kote ou te detèmine gen yon timoun ki poko gen sis (6) lane ki abite ladan yo, ansanm ak pati ki komen yo, ou dwe fè yon enspeksyon vizyèl pou wè si gen danje ak penti abaz plon. HPD vrèman rekòmande pou nenpòt moun ki fè investigasyon sa a pran [fòmasyon evalyasyon vizyèl sou entènèt](#) Depatman federal Lojman ak Devlopman lben an ofri pou ede moun nan konnen ki sa li dwe chache. Epitou, nou rekòmande pou kenbe rezilta yo sou echantiyon [Enspeksyon Vizyèl Anyèl pou Danje Penti Abaz Plon - Fòm Rezime](#) oswa yon fòm ki menm jan pou dokimante enspeksyon yo, sizoka kote HPD fè odit sou dosye penti abaz plon pwopriyete w la.
- Pou kote ou deja ap fè enspeksyon vizyèl pou wè si gen danje ak penti abaz plon, HPD rekòmande pou tou fè nan moman sa a enspeksyon anyèl ki nesesè pou **risk ki genyen ak sibstans andedan kay ki bay alèji** tankou sourit, ravèt, rat ak mwazi, menmsi enspeksyon pou pwodui ki ka bay alèji

anndan kay la pa limite ak lojman kote timoun ki gen mwens pase 6 lane a ap viv. Ou dwe konsève dosye enspeksyon sa a tou, epi HPD te bay yon [Echantiyon Fòm Ankèt](#) pou objektif sa a oswa ou kapab fè pa w pou konsève menm enfòmasyon yo. Ou dwe fè enspeksyon pou pwodui ki ka bay alèji anndan kay la omwen yon fwa pa ane nan kalandriye sivil la.

NOUVÈL SOU APLIKASYON LWA:

Depatman Pwoteksyon Anviwònman: Jan sa dekri nan Avi sou Vyolasyon HPD a, vyolasyon mwazi klas B ak klas C HPD pibliye pou bilding ki gen plis pase 10 inite, yo mande pou gen yon evalyatè mwazi ak reparatè ki gen lisans ki korije yo. Nan dat 18 desanm 2020, yon règ Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Protection, DEP) pibliye te vin anplas, li pèmèt yo voye konvokasyon si mèt kay la pa rive anplwaye yon reparatè ki gen lisans. Jan yo te mande sa anvan an, konpayi sa yo oblije depoze yon avi sou travay yo ak DEP. Pou w kapab jwenn plis enfòmasyon sou detay ki gen nan nouvo kalandriye penalite sa a ale sou <https://rules.cityofnewyork.us/rule/32126/>. HPD ap transfere vyolasyon yo bay DEP si yo te fè travay yo nan kondisyon kote y ap reponn ak yon vyolasyon HPD san depo ki apwopriye yo. Si DEP pa gen dosye sou depo kontraktè ki apwopriye yo, DEP ap bay mèt kay la vyolasyon. Yo kapab revoye vyolasyon sa yo nan Biwo Tribinal Administratif yo, epi penalite yo varye ant \$800 ak \$2400.

PWOGRAM ASISTANS LWAYE AN IJANS ETA NEW YORK LAN (EMERGENCY RENTAL ASSISTANCE PROGRAM, ERAP)

Si nenpòt nan lokatè ou yo te aplike pou Pwogram Asistans Lwaye an Ijans Eta New York lan (Emergency Rental Assistance Program, ERAP), tanpri asire w ou ranpli pati nan demann ki pou pwopriyetè a pi bonè ou kapab. ERAP kapab bay fanmi ki kalifye yo men ki gen revni ki ba jiska 12 mwa pou lwaye yo gen pou yo peye, twa (3) mwa pou lwaye k ap vini yo si li nesèsè, ak aryere yo gen pou sèvis piblik kalifye. Pwopriyetè ki gen lokatè ki refize aplike pou ERAP, oswa ki kite lojman yo ak aryere, kapab aplike nan Pwogram Èd pou Pwopriyetè Lojman. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou w aplike epi pou konnen si ou kalifye, al gade nan otda.ny.gov/erap. Ou kapab jwenn dokiman ak videyo ki itil sou [sit entènèt NYS ERAP](#). Eitou gen òganizasyon ki baze nan kominote a k ap ede rezidan New York yo aplike nan tout senk (5) awondisman yo, yo site sou nyc.gov/erap.

SÈVIS ASISTANS POU PWOPRIYETÈ KAY:

[Sèvis Asistans pou Pwopriyetè Kay](#) se yon patenarya avèk Sant pou Katye ki nan Vil New York (Center for NYC Neighborhoods), Biwo Pwokirè Jeneral NYS, ak Depatman Konsèvasyon Ak Devlopman Lojman Vil New York, yo te lanse nan mwa mas 2021 epi k ap kontinye jiska mas 2022. Sèvis Asistans pou Pwopriyetè Kay reponn ak risk ki wo sou kesyon lojman ak depasman pandan l ap mete pwopriyetè kay ki gen difikilte yo an kontak avèk konseye sou kesyon lojman, èd finansyè, sèvis jiridik epi l ap sansibilize yo sou vòl tit pwopriyetè kay ak vòlè. Pwoblèm sa yo gen yon gwo enpak sou pwopriyetè kay ki nwa ki nan zòn priyotè Sèvis Asistans pou Pwopriyetè Kay tankou nan Sant Brooklyn, Sidès Queens, ak nan Nò Bronx.

PRIVILÈJ FISKAL K AP GEN POU VANN:

Vant privilèj 2021 la te fèt 17 desanm 2021. Si pwopriyete w la te enkli nan vant privilèj la epi ou pa kapab fè peman, tanpri kontakte Biwo Èd Pwopriyete Kay la nan 1-855-466-3456 oswa vizite <https://homeownerhelpny.org/get-help> pou aprann plis sou fason pou w ranpli yon deklarasyon difikilte epi pou w jwenn sipò ak nenpòt pwoblèm privilèj taks.

MIZAJOU NAN SEKSYON 8 HPD:

- HPD ap pibliye rekòmandasyon ki ajou sou chanjman ki fèt nan politik ki gen rapò ak COVID, pandan l ap kontakte pwopriyete k ap patisipe epi pandan l ap mete sit entènèt seksyon 8 HPD a ajou avèk chanjman sa yo.
 - Yo te diminye Lwaye sou Mache ki Ekitab (Fair Market Rents) pou vil New York epi HPD ap fè suivi avèk HUD sou sijè sa a. HPD ap kontinye itilize peman estanda 2021 a epi l ap fè mizajou sou sit entènèt ([Seksyon 8 - HPD \(nyc.gov\)](#)) lè y ap chanje estanda yo. Tanpri verifeye sit entènèt la pou w konnen chanjman k ap genyen nan mwa k ap vini yo.
-